



# Indiana Pregnancy Promise Program

Ankouraje Rekiperasyon nan itilizasyon  
Opioyid Sipò ak Angajman Matènèl pou Tibebe

## Kisa ki Pwogram Indiana Pregnancy Promise la?

Pwogram Indiana Pregnancy Promise la se yon pwogram gratis ak volontè pou manm Medicaid ki ansent ki pran opioyid oswa te pran opioyid nan pase a. Bi Pwogram Pregnancy Promise la se pou patisipan yo:

- Antre nan swen prenatal
- Aksede trètman opioyid ki nesesè pou reyalize rekiperasyon dirab
- Resevwa sipò kontinye ak swen swivi pou manman an ak tibebe a pandan ak apre gwochè la
- Bay lespwa epi etabli yon fondasyon djanm pou fiti a

## Poukisa Pwogram Indiana Pregnancy Promise la enpòtan?

- Defisyans itilizasyon opioyid pandan gwochè ap ògmante nan Indiana ak tout peyi a
- Trètman defisyans itilizasyon opioyid pandan gwochè genyen yon wo to siksè
- Trete itilizasyon opioyid pandan gwochè diminye risk efè ki domaje manman yo ak tibebe yo

## Ki moun ki kapab patisipe?

Pwogram Indiana Pregnancy Promise la diponib pou moun ki ansent nan eta Indiana a.

Pou yo elijib, fòk patisipan yo satisfè kritè sa yo :

- Ansent oswa rete 90 jou pou gwochè la fini
- Identifie kòm moun ki itilize opioyid aktyèlman oswa anvan
- Elujib pou oswa resevwa kouvèti medikal Medicaid



Indiana Family &  
Social Services  
Administration

[www.PregnancyPromise.in.gov](http://www.PregnancyPromise.in.gov)  
Gratis 888-467-2717 | 317-234-5336  
[PregnancyPromise@fssa.in.gov](mailto:PregnancyPromise@fssa.in.gov)

# Pwogram Indiana Pregnancy Promise



## Kisa ki benefis Pwogram Pregnancy Promise la?

- **Koneksyon:** Patisipan nan Pwogram Pregnancy Promise la pral matche avèk yon manadjè dosye. Manadjè dosye yo pral ofri sipò konfidansyèl pandan anwòlman pou asire paran yo ak tibebe yo resevwa swen ak resous yo bezwen pandan ak apre gwochè la pou yo an sante ak byen.
- **Kowòdinasyon:** Manadjè Dosye Pwogram Pregnancy Promise yo pral travay ak patisipan yo ak ekip doktè yo pou kowodone swen epi idantifye resous kominotè pou fanmi yo.
- **Prevansyon:** Lè nou konekte moun ki ansent avèk swen ak trètman medikal pi vit ki posib, Pwogram Pregnancy Promise la ap vize redwi ak anpeche enpak negatif itilizasyon opioyid sou paran an ak timoun nan.

Pou fè rekòmandasyon pou tèt ou oswa yon moun ou konnen,  
ale sou [www.PregnancyPromise.in.gov](http://www.PregnancyPromise.in.gov), imèl [PregnancyPromise@fssa.in.gov](mailto:PregnancyPromise@fssa.in.gov),  
rele 317-234-5336 oswa rele gratis 888-467-2717.

Piblikasyon sa a sipòte pa Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) Ministè Sante ak Sèvis Imen Etazini (HHS) kòm yon pati yon alokasyon asistans finansye an total \$5,211,309 avèk 100 poustan ladan li ki finanse pa CMS/HHS. Kontni yo sa se de ekriven an (yo) epi yo pa nesesèman reprezante pwendvi ofisyèl, no andòsman, CMS/HHS, ni Gouvènman Etazini a



**Eta Indiana**  
**Administrasyon Fanmi ak Sèvis Sosyal**  
402 W. WASHINGTON STREET, ROOM W461  
INDIANAPOLIS, INDIANA 46204-2739  
[www.fssa.IN.gov](http://www.fssa.IN.gov)  
Administrasyon Fanmi ak Sèvis Sosyal Indiana pa diskrimine sou baz ras, koulè, kwayans, sèks, laj, andikap, orijin nasyonal ni zansèt.  
#5933 | April 24, 2023 4:48 PM